



# Advocates for Children of New York

Protecting every child's right to learn

## Elèv k ap aprann lang anglè ak Edikasyon Espesyal

Fich konsèy sa a se pou paran timoun k ap aprann anglè ki kwè ke ptit yo ka bezwen sèvis edikasyon espesyal. Nan lekòl leta nan Vil Nouyòk yo, timoun ki resevwa sèvis pou ede yo aprann pale anglè e ki bezwen sèvis edikasyon espesyal yo gen dwa resevwa toude kalite sèvis sa yo.

### Ki sa Edikasyon Espesyal Bileng nan ye?

Edikasyon Espesyal bileng nan se yon seri sèvis ak sipò yo bay yon elèv yo idantife kòm yon elèv k ap aprann lang anglè (**English Language Learners, ELL**), epi ki se yon elèv ki gen andikap anmenmtan.

Edikasyon Espesyal bileng gen ladan l anpil sèvis diferan, tankou **salklas edikasyon espesyal bileng**, kote timoun yo anseye timoun yo nan lang anglè ak nan lang yo pale lakay yo, ak **de lang ki gen rapò ak sèvis yo**, tankou terapi langaj nan de lang yo oswa konsèy nan lang elèv la pale lakay li. Pou elèv ki kalifye pou sa yo, yo ap rekòmande sèvis Edikasyon Espesyal Bileng nan Pwogram Edikasyon Pèsonalize (**Individualized Education Program, IEP**) pa yo a.

Elèv yo gen dwa resevwa ni sèvis edikasyon espesyal ni sèvis ELL yo. Yo pa ta dwe JANM fòse paran yo oswa mande yo chwazi youn oswa lòt la.

### Kijan Ptit mwen an ka vin kalifye pou Sèvis Edikasyon Espesyal Bileng nan?

Premye etap la se pou ptit ou a pase yon **evalyasyon edikasyon espesyal bileng**. Apresa, ekip IEP ki te asiste ptit ou a ap detèmine si li kalifye pou sèvis sa yo. Si ptit ou a déjà nan yon IEP, epi ou kwè ptit ou ta dwe benefisyé sèvis sa yo, ou ka mande sa nan reyinyon yo konn fè ak ptit ou a. Ekip IEP a ka detèmine si ptit ou a bezwen yon **salklas edikasyon espesyal bileng** oswa **lòt sèvis** ki nan lang timoun nan. Sonje: paran yo fè pati ekip IEP a tou.

DOE egzije lalwa pou bay paran ki pa itilize anglè kòm lang prensipal lakay yo yon **entèprèt** nan reyinyon IEP yo.

### Kisa Evalyasyon Edikasyon Espesyal Bileng yo ye?

Evalyasyon bileng yo fèt nan lang anglè ak lang ptit ou a pale lakay li. Se yon moun ki pale toude lang yo ki fè l. Si Depatman Edikasyon (**DOE**) pa ka jwenn yon doktè ki pale de lang yo, yo ka itilize yon entèprèt. Antanke paran, ou gen dwa pou mande yon Evalyasyon Edikasyon Espesyal Bileng si lang prensipal ptit ou a pa anglè. Tout timoun yo idantife kòm moun k ap aprann pale anglè dwe evalye ni nan lang anglè ni nan lang yo pale lakay yo.

### Kijan mwen ka mande yon evalyasyon Bileng?

Li enpòtan pou paran yo fè yon demann pou yon evalyasyon bileng alekri, pote demann lan bay lekòl timoun nan, epi kenbe yon kopi demann alekri a pou pwòp dosye pa yo, avèk dat demann lan te fèt la. Dapre lalwa, DOE dwe fè yon evalyasyon bileng pou ptit ou a nan **60 jou lekòl** apre w fin fè demann pou evalyasyon an.

## **Ki sa yon salklas Edikasyon Espesyal Bileng ye?**

Yon salklas edikasyon espesyal bileng se yon salklas pou Elèv k ap aprann lang anglè e ki nan yon pwogram edikasyon pèsonalize kote yo anseye nan lang anglè ak nan lang timoun nan. Li ka swa yon klas ko-ansèyman entegre (**Integrated Co-Teaching, ICT**) oswa yon klas ki pi piti, espesyal. Pwogram bileng nan kapab swa yon Pwogram **nan De Lang** oswa yon **Pwogram Bileng Tranzisyonèl**. Nan tou de kalite pwogram yo, timoun yo aprann ladrès akademik pandan y ap resevwa sipò nan lang lakay yo tou. Si ou ta renmen jwenn yon pwogram ki ka sèvi bezwen pitit ou a, ou ka voye yon imèl bay Biwo Edikasyon Espesyal Vil Nouyòk nan [BSEprograms@schools.nyc.gov](mailto:BSEprograms@schools.nyc.gov).

Genyen sèlman yon kantite limite nan salklas edikasyon espesyal nan lekòl NYC yo.

## **Ki sèvis bileng yo bay?**

Pitit ou a ka resevwa sèvis bileng ki ka satisfè bezwen edikatif li. **Sèvis bileng yo ka gen ladan yo:** terapi pou lapawòl ak langaj, terapi fizik, terapi okipasyonèl, konsèy, ak sèvis sipò pou pwofesè edikasyon espesyal (**Special Education Teacher Support Services, SETTS**) nan lang yo. Yo ka bay elèv yo yon moun ki rele yon parapwofesyonèl, ki responsab pou reponn bezwen yo nan domèn transpòtasyon, konpòtman, ak lòt bezwen yo genyen, ansam ak sèvis entèpretasyon.

## **E si ekip IEP pitit mwen an rekòmande I yon Edikasyon Espesyal bileng, alòske lekòl pitit mwen an pa gen sèvis sa disponib?**

Yo ka ka **transfere** pitit ou a nan yon lekòl ki ofri sèvis edikasyon espesyal bileng oswa yon salklas bileng, si yo pa ofri sèvis sa yo nan lekòl pitit ou a. Ou dwe enfòme lekòl la ke ou ta renmen transfè sa a. Ou ka ekri DOE tou nan [BSEprograms@schools.nyc.gov](mailto:BSEprograms@schools.nyc.gov). Si transfè a pa posib, yo ka mete pitit ou nan yon klas edikasyon espesyal Anglè sèlman epi yo ap ba li yon **parapwofesyonèl bileng** pou entèprete pou li nan klas la. Anmenmtan tou, DOE ta dwe toujou kontinye chèche yon lekòl ki ka sèvi pitit ou a; epi pitit ou a ta dwe toujou kontinye resevwa sèvis oswa kou Anglè kòm yon Nouvo Lang (**English as a New Language, ENL**).

## **Sèvis Otorizasyon ki gen pou wè ak sa**

Se pa tout lekòl ki ka bay sèvis ki gen rapò ak lang timoun nan. DOE ka bay pitit ou a yon otorizasyon sèvis ki gen rapò sa (**Related Service Authorization, RSA**) pou kapab jwenn sèvis bileng andeyò lekòl la. RSA yo pèmèt paran yo chwazi yon founisè endepandan pou ofri pitit li sèvis sa yo, epi DOE ap peye pou yo.

Kantite doktè bileng yo pitit anpil, tankou terapet lapawòl ak sikològ nan lekòl NYC yo.

**Toujou gen plis kesyon?**  
**Tanpri rele Jill Chaifetz nan liy ki la pou edikasyon an**  
Lendi pou rive Jedi • 10 am jiska 4 pm  
1-866-427-6033 (apèl gratis)

Fich enfòmasyon sa a pa reprezante yon konsèy legal. Fich enfòmasyon sa a eseye rezime règleman oswa lwa ki deja egziste yo san yo pa endike opinyon AFC. Si ou gen yon pwoblèm legal, tanpri kontakte yon avoka oswa yon konseye.

Copyright © December 2017 by Advocates for Children of New York, Inc.